



Pare W Pou Vote

Eleksyon lokal ak mi-manda yo prèske rive, e jenerasyon nou an ka fè diferans la nan bwat vòt yo. Eleksyon primè ak eleksyon lokal yo ap fèt 23 Out, epi Eleksyon Jeneral yo 8 Novanm. Vòt bonè ak vòt pa lapòs ap disponib anvan dat aktyèl eleksyon yo.

Jenerasyon Z ak milenyè yo gen pouvwa pou deside kèk eleksyon enpòtan soti nan Komisyon konsèy pou lekòl yo pou rive nan Kongrè a. An reyalyite, Florid te klase pami dis premye eta yo kote jèn votè gen plis chans enfliyanse eleksyon pou pòs gouvènè ak pou Sena Amariken nan eleksyon 2022 yo. Dènye fwa Florid te gen eleksyon mi-manda an 2018, plizyè kous trè enpòtan te deside pa yon maj trè mens, kidonk rasanble zanmi w yo, fanmi w, epi prepare w pou al vote!

Si w pa elijib pou vote akòz laj ou, paske dwa votè w pa t retabli, oswa akòz estati sitwayènte w, itilize enfòmasyon sa a pou ede zanmi w yo ak fanmi w ki gen dwa vote pou prepare yo pou y al vote nan mwa d'Out ak Novanm! Ou vle angaje w plis? Volontè avèk nou epi nou pral kontakte w pou n ba'w tout detay yo.

Enskripsyon Votè

Dat limit pou enskripsyon votè pou eleksyon mi-manda kap fèt 8 novanm yo se 11 oktòb, enskri [isit la](#). Ou ka met adrès ou, afilyasyon pati politik ou ajou, epi tcheke estati aktyèl ou [isit la](#).

Vote Pa Lapòs

Nou renmen afè Vote-pa-Lapòs la e nou rekòmande'l pou moun kap chèche yon fason ki fasil e ki fiyab pou yo vote! Jèn moun, granmoun aje, ak moun ki pa gen aksè a transpòtasyon benefisyè anpil de Vote-pa-Lapòs. Altènatif a vote an pèsòn sa a se yon ekselan opsyon pou moun ki pa vle kanpe nan liy pou yo ka vote oswa pou moun ki prefere vote lè yo disponib nan semèn ki vin anvan jou eleksyon an. Klike sou lyen ki anba yo pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou Vote-pa-Lapòs.

- Ou gen jiska 5è p.m. 10yèm jou anvan yon eleksyon pou mande pou yo voye yon bilten vòt-pa-lapòs ba ou [isit la](#). Li enpòtan pou mande epi poste bilten vòt-pa-lapòs ou pi vit ke posib.
- Ou dwe retounen bilten vòt la dekwa pou'l rive jwenn depatman eleksyon yo pa pita pase 7è p.m. jou eleksyon an (ou ka depoze'l tou nan yon sit kote moun ka vote bonè, nan bwat yo met la pou sa , osinon ou ka bay yon moun ou te deziyen fè sa pou ou - wè opsyon w genyen [isit la](#)).
- Asire'w ke ou siyen bilten vòt ou menm jan ou te siyen kat Enskripsyon Votè w la; se konsa yo verifye
- USPS (Sèvis Postal Etazini) rekòmande pou poste vòt- pa- lapòs yo omwen yon semèn alavans pou asire ke y'ap rive anvan Jou Eleksyon an. Si' w a yon semèn anvan eleksyon an epi ou toujou genyen bilten vòt-pa-lapòs ou avèk ou, nou rekòmande pou al depoze'l oswa al vote an pèsòn.
- Depatman Eleksyon Miami-Dade Kouvri frè tenb postaj yo davans.
- Ou ka swiv pakou bilten vòt ou a nan sit entènèt pou eleksyon Miami-Dade la [isit la](#) pou asire w ke yo te resevwa li.

- Pou konnen plis sou vote-pa-lapòs nan Florid klike [isit la](#).

Vote Bone An Pèsonn

Vote an pèsòn sa se yon ekselan opsyon pou moun ki pa vle kanpe nan liy long pou yo vote oswa pou moun ki prefere vote lè'l pi konvenyan pou yo nan semèn ki vin anvan jou eleksyon an.

- Vòt bonè nan Konte Miami-Dade, Broward ak Palm Beach kòmanse 24 oktòb epi fini 6 novanm.
- Se Sipèvizè Eleksyon lokal ou a ki detèmine orè pou vòt bonè
 - Ou ka jwenn lis konplè lokal pou vote bonè nan Miami-Dade [la](#).
 - Ou ka jwenn lis konplè lokal pou vote bonè nan Broward County [la](#).
 - Ou ka jwenn lis konplè lokal pou vote nan Palm Beach [la](#).
- Nan konte Miami Dade, Broward, ak Palm Beach, tout lokal vòt bonè yo pral ouvri soti 7:00 a.m. rive 7:00 p.m. chak jou nan vòt bonè.
- Pandan peryòd vòt bonè a, ou dwe vote nan yon lokal vòt bonè nan konte ou.

Pou jete bilten vòt ou pandan vòt bonè, w'ap bezwen prezante yon fòm idantifikasyon ak non w, foto, ak siyati w. Ou ka resevwa asistans gratis, ekspè pou ede'w avèk ID elektè isit la.

Vote An Pèsonn

- Ou ka jwenn biwo vòt ak tout orè kote'w ka vote bonè yo ansanm ak kote'w ka vote jou eleksyon an [isit la](#).
- Sonje byen, si'w ret tann pou vote Jou Eleksyon an, ou dwe vote nan biwo vòt ki deziyen pou ou a nan zòn ki tou pre kote'w enskri a.
- Ou pral bezwen yon pyès didantite ki gen non, foto ak siyati'w pou vote bonè oswa pou vote Jou Eleksyon an, epi w'ap jwenn asistans gratis ak espesyalize pou ede'w ak ID (Idantifikasyon) votè [isit la](#).

Restorasyon Dwa Votè Pou Ansyen Prizonye Yo`

Si'w se yon ansyen prizonye ke dwa;w pou vote te revoke akòz yon ansyen kondanasyon pou krim, ou ka gen dwa pou vote'w restore. [Kontakte Biwo Executive Clemency an nan \(Klemans Egzekitif\) 850-488-2952](#) pou kòmanse pwosesis restorasyon dwa votè yo; tcheke avèk **Grefye Konte** a sou chaj ak frè ke'w dwe. Si w bezwen èd pou peye frè yo, kontakte [Kowalisyon Restorasyon Dwa nan Florida](#)